



Pou Piblikasyon Imedya: 27/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI DISPENSÈ KANABIS POU UTILIZASYON ADILT NAN QUEENS

***Premye dispansè ki posede pa yon fanm ki sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal Eta a pral ouvri 30 mas***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye lisans Dispansè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult-Use Retail Dispensary, CAURD) nan eta ke fanm posede epi ki posede pa yon antreprenè ki te deja kriminalize pa entèdiksyon kanabis pral ouvri pou vant bay piblik la a 2 p.m. nan jedi 30 mas, nan 162-03 Jamaica Avenue. Dispansè Queens lan, ki rele Good Grades, se yon biznis familyal ki posede pa yon fanm ki te dirije pa antreprenè Extasy James ak kouzen li, Michael James, Jr., yon moun natif Jamaica nan Queens ak yon avoka ki konsantre sou sèvi kliyan ak yon valè debaz nan defans pou kominote biznis minoritè a.

"Avèk ouvèti Good Grades nan Queens, n ap kontinye bati sou pwogrè nou pou kreye yon endistri Knabis ki an sekirite, ki reglemante nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap travay pou sipòte antreprenè yo epi asire ke konsomatè yo ka achte pwodwi legal ki an sekirite pandan y ap sipòte kominote pa yo."

Good Grades sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal (Social Equity Cannabis Investment Fund) Eta New York la epi li pral ouvri "tanporèman". Menm jan ak kèk lòt dispansè ki pral sipòte pa Fon an, sa pral bay benefisyè lisans yo opòtinite pou yo ouvri sou yon baz akoutèm pou fè lavant rapid, bay opòtinite fòmasyon pou anplwaye yo epi kòmanse jenere kapital pou biznis yo. Apre sa yo pral fèmen pou konstriksyon final epi apre sa yo pral re-ouvri sou yon baz alontèm.

Pwogram Tanporè a benefisye tout biznis ki enplike nan chèn ekipman pou kanabis la, tankou kiltivatè ki gen kanabis ki pare pou distribisyon, transfòmasyon k ap transfòme kanabis an lòt kalite pwodwi, distribitè, ak operatè ki vann an detay yo ki travay pou bay konsomatè yo aksè ak pwodwi ki an sekirite yo ka fè konfyans. Ouvèti dispansè a ede avanse objektif New York pou ekite an matyè lisans pou kanabis, ki priyorize bay lisans pou moun ki enplike nan jistis, ki se moun ki gen yon kondanasyon pou kanabis oswa yon fanmi pwòch yon moun ki gen yon kondanasyon.

**Prezidan ak PDG DASNY, Reuben McDaniel III te deklare,** "Pandan n ap ouvri premye dispansè a nan Queens, nou kontinye afime angajman New York pou adrese enjistis istorik ki byen anrasinen yo epi pou kreye nouvo opòtinite pou ankouraje richès entèjenerasyonèl pou moun ki plis afektepa aplikasyon entèdiksyon kanabis ki pa pwopòsyonèl la. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul, sipò ekstrawòdinè pwogram sa a te genyen nan men Lejislati a, ak travay lidèchip Fon an, yo tout te ede nou kontinye pwogrè nou sou inisyativ enpòtan sa a."

**Pwopriyetè Good Grades la, Extasy James, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m ouvri pòt Good Grades, premye dispansè ki nan Queens, New York. Nou vrèman pasyone pou nou bay pi gwo aksè ak kanabis la ak kraze baryè ki anpeche anpil moun, espesyalman moun ki soti nan kominote majinalize yo, eksperimante benefis ki genyen nan plant etonan sa a. Nou konprann pèsònèlman estigma a ki te atache a kanabis la pandan twò lontan, epi nou kontan rejwenn kominote kanabis k ap pwospere a pou ede chanje sa. Dispansè nou an yon espas akeyan ak enklizif kote nenpòt moun ka vin aprann, eksplòre, ak jwenn pwodwi ki pi byen adapte a bezwen inik yo."

**Ko-pwopriyetè Good Grades la, Michael James, Jr., te deklare,** "Jamaica, Queens kounye a se yon pwen enpòtan nan endistri kanabis la, kòm premye dispansè nan Queens ki te ouvri pòt li yo. Mwen pa ta ka plis eksite sou opòtinite ak gwo responsablite pou nou pote sa a bay vil nou an pou premye fwa. Nouvo efò sa a se yon etap enpòtan pou fanmi nou, vil natal nou, ak fanm nan New York. Anplis Gouvènè Hochul, DASNY, Konsèy Kontwòl Cannabis la, OCM, ak Fon an, nou ta renmen tou remèsye anpil ekip sipò ki te ede nou atenn etap enpòtan sa a."

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare,** "Chanjman sosyete pa rive byen vit oswa fasil, men ouvèti etap enpòtan sa a nan kad premye dispansè kanabis ki gen lisans nan Queens lan tou senpleman pote transfòmasyon pou minisipalite nou an. Sa ki te yon fwa yon zouti ki te itilize pou vize kominote koulè yo finalman se yon pati enpòtan, ak legal, nan konstriksyon ekonomik nou an ki pral kreye travay, richès ak opòtinite nan menm kominote sa yo. Felisitasyon pou Good Grades ak antreprenè Michael James Jr. paske yo fè listwa — Mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou asire ke sektè emèjans sa nan ekonomi nou an anrasinen nan ekite ak otonomi."

**Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright te deklare,** "Avansman kontinyèl mache sa a enteresan pou m gade, epi mwen fyè dèske n ap ouvri premye dispansè ke fanm posede nan Queens. Nou pa t ap isit la jodi a san sipò Gouvènè Hochul ak Lejislati a, epi mwen rekonesan yo te kontinye sipòte yon chemen pou endistri sa a ki ekitab epi ki pral konpanse mal ki te koze pa aplikasyon entèdiksyon kanabis ki pa pwopòsyonèl la."

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare,** "N ap kontinye reyalize objektif Lwa Kanabis eta nou an pou konstwi yon endistri ekitab ki ede revitalize kominote ki pi frape yo politik eksesif nan kad entèdiksyon kanabis la. Avèk

premye dispansè sa ke fanm posede a ki ouvri nan Queens, n ap montre mond lan ke nou ka kòmanse mache sa a sou bon pye ak kapital pwòp k ap trase chemen an."

**Lavetta Willis, Direktè Jeneral Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal pou Patnè Jeneral Fon an (Fund's General Partner Social Equity Impact Ventures, LLC), te deklare,** "Kòm yon pwopriyetè biznis ki se yon fanm, mwen onore pou sipòte siksè yon lòt fanm nan endistri sa a. Fanm nwa ki nan kanabis yo pa jwenn ase sèvis epi yo pa reprezante ase, epi n ap pran mezi pou chanje sa. Antanke yon ekip, n ap kraze baryè yo epi kreye plis opòtinite pou pwopriyetè biznis nwa ak mawon yo lè nou bay finansman, fòmasyon ak sipò. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li mennen nou nan direksyon pètiban sa a pou chanje fason yo egzekite pwogram ekite sosyal yo jodi a."

Lokal Queens lan fè pati pwogram Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la otorize epi ki patwone pa Fon an pou sipòte akizasyon, konsepsyon, konstriksyon, ak ekipe lokal dispansè kanabis yo pou yo opere pa benefidye lisans CAURD yo Travay ak Filyal Otorite Dòtwa pou Eta New York (Dormitory Authority for the State of New York, DASNY), Kòporasyon Sèvis Ekite Sosyal (Social Equity Servicing Corporation, SESC), Fon an se yon patenarya piblik-prive limite ki te fòme pou pozisyone antreprenè ekite sosyal yo pou yo reyisi nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt la ki fèk kreye nan New York la. Jere pa Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal, Fon an pral ede benefisyè lisans CAURD yo ki enplike nan lajistis fè fas ak depans pou etabli dispansè pou vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt yo. Li sipòte pa jiska 50 milyon dola nan frè lisans ak revni ki soti nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt yo ak jiska 150 milyon dola ki soti nan sektè prive a.

Lisans CAURD la se yon poto santral nan kad Inisyativ Opòtinite Semansman Eta New York la. Atravè Inisyativ la, premye dispansè pou vann an detay legalman pou itilizasyon adilt yo pral opere pa sila yo ki te afekte pa entèdiksyon kanabis oswa òganizasyon san bi likratif ki gen sèvis yo ki enkli sipò pou ansyen prizonye yo./ Dispansè sa yo ap vann kanabis legalman pou itilizasyon adilt ak pwodui kanabis ki kiltive pa kiltivatè atravè Eta New York yo.

Aplikan ki elijib yo dwe swa gen yon kondanasyon pou kanabis pou tèt yo, oswa yo dwe manm fanmi pwòch yon moun ki te kondane, yon moun ki posede oswa ki deja posede yon biznis ki te gen yon pwofi nèt pou omwen dezan. Òganizasyon san bi likratif yo te elijib pou lisans CAURD si yo gen yon istwa nan sèvi ak moun ki nan prizon kounye a oswa ansyen prizonye, tankou kreye opòtinite pwofesyonèl pou yo; genyen omwen yon manm konsèy ki enplike nan jistis; omwen senk anplwaye aplentan; epi yo te opere yon antrepriz sosyal ki te gen byen nèt oswa pwofi pou omwen dezan.

###